



Pou Piblikasyon Imedya: 06/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$6.9 MILYON DOLA FINANSMAN NAN AMERICORPS POU PWOGRAM K AP OGMANTE OPÒTINITE EKONOMIK POU NOUYOKÈ YO

Finansman an Ap Sipòte 21 Ajans Lokal ak Rejyonal nan Tout Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse apwobasyon 6.9 milyon dola finansman federal pou ede redwi povrete, konbat epidemi opiyoid, pou sipòte opòtinite ekonomik, revitalize sipò edikatif epi bay sèvis sante enpòtan atravè Eta New York. Finansman an soti nan Komisyon Eta New York sou Sèvis Nasyonal ak Sèvis Kominotè (New York State Commission on National and Community Service) epi konplete yon sibvansyon 5.8 milyon dola AmeriCorps te akòde bay 11 ajans nan kòmansman ane sa.

“Finansman enpòtan sa ap ède founi lojman estab pou kèk nan sila yo ki pi vilnerab pami nou, konbat emidemi opiyoid la epi sipòte kominote nou yo ak sèvis sante ak edikasyon”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak finansman sa, nou founi asistans bay divès ajans pou investi nan kominote nou yo, k ap rann yo vin yon kote ki gen plis sekirite e ki pi bon pou tout Nouyokè viv epi pwospere.”

Finansman an ap ede ranfòse pwogram enpòtan yo ak finansman ki soti nan 42,000 dola rive nan plis pase 1 milyon dola.

Linda Cohen, Direktè Egzekitif Komisyon Eta New York sou Sèvis Nasyonal ak Sèvis Kominotè te deklare, “Komisyon an kontan pou li an mezi pou òganize resous yo epi bay sipò pou reponn a kèk nan pwoblèm ki pi enpòtan nan epòk nou an, tankou èd pou sila yo k ap goumen ak twoub toksikomani epi pwoteje moun ki pi vilnerab yo k ap viv epi travay nan kominote nou yo. Nou se moun ki kwè anpil nan volontarya epi konstwi kominote ki pi solid lè n voye moun monte.”

José E. Serrano, ki se Manm Kongrè, te deklare, “AmeriCorps ak òganizasyon li sipòte yo enpòtan anpil pou zòn tankou Bronx. Gras ak finansman sa, plis pase yon douzèn òganizasyon eta ak òganizasyon lokal k ap fè bon travay nan New York ap genyen aksè ak resous yo bezwen pou kontinye genyen yon enpak epi fè yon diferans nan lavi moun Bronx yo. Antanke yon manm komite akreditasyon an, m ap kontinye lite pou asire ke pwogram tankou AmeriCorps genyen aksè a finansman yo bezwen pou fè travay yo”.

Manm Kongrè Nydia M. Velázquez te deklare, “Lè n invest nan inisyativ kominotè ke fanmi k ap travay yo ap benefisye, sa se yon fason inestimab pou ranfòse ekonomi lokal yo epi anrichi lavi moun. Mwen patikilyèman kontan pou wè finansman yo ogmante angajman Vil New York pou goumen kont kriz opiyoid la, ranfòse kominote tankou Sunset Park ak Cypress Hills epi invest nan edikasyon timoun nou yo”.

Manm Kongrè Brian Higgins te deklare, “Finansman sèvis nasyonal ak kominotè a gen risk pou l elimine konplètman ak pwopozisyon bidjetè federal Mezon Blanch lan pwopoze a. Finansman federal sa ap fè anpil wout isit la nan Lwès New York epi demontre wòl enpòtan sèvis nasyonal la jwe nan konble eka lojman, edikasyon, sante ki lye ak bezwen nan kominote lokal yo”.

Manm Kongrè Adriano Espaillat te deklare, “Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou anons 6.9 milyon dola jodi a pou finansman AmeriCorps la, k ap yon pous ekstraòdinè pou ranfòse efò nou pou reponn a povrete pèsistan, konbat kriz opiyoid kontini an, founi sèvis sante epi kreye opòtinite ekonomik ak edikatif pou New York ak pi bon sèvis atravè eta a”.

Ajans k ap resevwa finansman an se:

Ajans	Rejyon	Non Pwogram
New York State Department of State	Nan tout eta	Empire Corps
Student Conservation Association	Nan tout eta	Excelsior Conservation Corps
The Service Collaborative of Western New York	Rejyon Lwès New York	Service Collaborative Economic Development Corps
Cradle Beach Camp, Inc.	Rejyon Lwès New York	Cradle Beach Camp
Catholic Health System, Inc.	Rejyon Lwès New York	Healthcare Navigators for Opioid Patients
City of Rochester	Finger Lakes	Flower City AmeriCorps Anti-Poverty Initiative
Monroe Community College	Finger Lakes	Rochester AmeriCorps
Urban League of Rochester	Finger Lakes	Urban League of Rochester
Wayne County Action Program, Inc.	Finger Lakes ak New York Santral	Finger Lakes Living Healthy
Oswego City-County Youth Bureau	New York Santral	Oswego AmeriCorps Program
Rural Health Network	Southern Tier ak New York Santral	Combatting the Opioid Epidemic
Utica Municipal Housing Authority	Mohawk Valley ak New York Santral	Utica Public Housing AmeriCorps
Mental Health Association of Columbia Greene Counties, Inc.	Rejyon Kapital	Hudson P.R.O.M.I.S.E Corps

Habitat for Humanity	Rejyon Lwès New York, Finger Lakes, New York Santral, Mid-Hudson ak Long Island	Habitat for Humanity of New York State
Community Health Care Association of New York State	Rejyon Lwès New York, New York Santral, Mid-Hudson ak Vil New York	CHCANYS Opioid Response Corps
SCO Family of Services	Vil New York	Sunset Park Community Corps
Yeshiva Kehilath Yaakov	Vil New York	Recovery Community LEAD
Cypress Hills Local Development Corporation, Brooklyn	Vil New York	East Brooklyn Collaborative for Youth Development
Community Health Care Association of New York State	Vil New York, Mid-Hudson ak Long Island	CHCANYS Healthy Future Corps
Harlem Children's Zone	Vil New York	Harlem Children's Zone
Relay Graduate School	Vil New York	Relay Graduate School of Education New York Teaching Residency

Enfòmasyon sou Komisyon Eta New York sou Sèvis Nasyonal ak Sèvis Kominotè a

Komisyon Eta New York sou Sèvis Nasyonal ak Sèvis Kominotè a - Volontè Nouyòkè yo ap chèche pou amelyore lavi, ranfòse kominote yo, epi favorize angajman sivik atravè sèvis ak volontarya nan Eta New York. Gouvènè a te kreye l an 1994 atravè yon Dekrè Egzekitif, epi li responsab pou jere pwogram Lwa sou Fon Fidisyè pou Sèvis Kominotè onivo Nasyonal (National Community Service Trust Act) 1993 la finanse yo, ki gen ladan pwogram AmeriCorps State la ak pwogram Bous Edikasyon AmeriCorps la (AmeriCorps Education Awards). Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite newyorkersvolunteer.ny.gov, [Facebook](#), ak Twitter [@NYersVolunteer](#).

Enfòmasyon sou AmeriCorps

AmeriCorps administre pa Corporation for National and Community Service, yon ajans federal ki angaje plis pase senk milyon Ameriken nan sèvis atravè AmeriCorps, Senior Corps, Social Innovation Fund, ak Volunteer Generation Fund, e li kondwi apèl nasyonal Prezidan nan inisyativ sèvis, Nou Ini pou Sèvis (United We Serve). Depi 1994, plis pase 72,000 manm AmeriCorps nan New York te konplete plis pase 110 milyon èdtan sèvis. Pou plis enfòmasyon, vizite NationalService.gov.

###